**Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение«Гимназия №7» г. Махачкалы**

| «РАССМОТРЕНО» | «СОГЛАСОВАНО» | «ПРИНЯТО» | «УТВЕРЖДАЮ» |
|---|---|---|---|
| на заседании ШМО | зам.дир. по УВР | на Педагогическом Совете | Директор |
| Протокол №1 | ____________ | Протокол №1 | Народинова З.А.Приказ |
| от«22» 08 2023г. | «23» 08 20223г. | от«31» 08 2023г. | №1 «31» 08 2023 г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

по родному (аварскому) языку

для 1-9 класса

Учитель Раджабова З.Г.

2023– 2024 учебный год

Программа хIадур гьабуна ГI.ГI. Тахо-Годил цIаралда бугеб Дагъистаналъул гIелмиябгин цIех-рехалъул педагогикияб институталъул мацIалъул секторалъ.

Программа гIуцIана Вакилов ХI.С.

Примерная программа по аварскому языку для старших классов дагестанской школы с родным языком обучения. – 1 изд., – Махачкала: ООО «Издательство НИИ педагогики», 2015. – 90 с. (стандарты второго поколения).

ООО «Издательство НИИ педагогики», 2015

## Программаялъе баян

Программа хIадур гьабуна Аслияб школалда лъай кьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги цIалул предметазе гIуцIарал мисалиял программабиги кьочIое росун.

Пограммаялъ аслияб школалда стандарталъ бихьизабураб авар мацI малъиялъул мурадалда рекъон стандарталъул хIасил рагьула ва рагIа-ракьан бахъун мухIканлъизабула, гьединго цIалул предметалдалъун цIалдохъабазе лъай ва тарбия кьеялъул нух бихьизабула.

Программа ккола мисалияб, ва гьеб хIисабалде босула авар мацIалъул программаби ва учебникал хIадур гьарулел автораз, ай гьелъул кьучIалда гIуцIизе бегьула авторазул программаби ва цIалул тIахьал.

Гьелда тIадеги, программаялда кьун буго щибаб классалъе гIуцIараб предметалъул тематикияб план. Гьелъ кумек гьабула *Авар мацI* абурал М.М. МуртазгIалиевасул, А.М. МуртазгIалиевасул, А.Гь. ХIамзатовасул 5 – 9 классазул учебниказдаса пайда босизе. Мисалияб программаялда цадахъ предметалъул тематикияб план мугIалимас кьочIое босула, авар мацIалъул курсалъул хIалтIул программаби ва лъагIалил тематикиял планал хъвалаго.

Аслияб школалда авар мацI лъазабула гьал хадусел аслиял мурадазде щвезе:

- маданияталъул бутIа хIисабалда мацIалдехун хIакъикъияб, бичIчIи бугеб бербалагьи гьаби;

- обществоялъ къабул гьабурал рухIиялгин эстетикиял нормаби лъазариялъеги, инсанасул гIумруялъул киналго рахъазул хIакъалъулъ лъай щвезабиялъеги, цоцазулгун гьаркьоблъи (ай бухьен) гьабиялъеги рахьдал мацIалъ квербакъулеблъи бичIчIи;

- рахьдал мацIалъул эстетикияб бечелъи (ай рахьдал мацIалъул берцинлъи, гьайбатлъи, чIурканлъи) бичIчIи;

- щибаб къойилаб гIумруялъулъги цIалулъги хIалтIизабизе бажарулеб куцалда рахьдал мацI лъазаби; калам камиллъизабизе, каламалдалъун цоцада ричIчIизе ва цоцада гьоркьоб бухьен чIезабизе бугеб бажари цебетIезаби;

цIалиялда хурхарал батIи-батIиял хIалтIаби гьаризе гъваридго лъай (ай мурад лъезеги, план гIуцIизеги, жиндирго каламалда хадуб халккезеги, каламалъулъ риччарал гъалатIал ритIизаризеги бажари).

Рахьдал мацI лъазабиялда церечIарал масъалабилъун ккола:

- батIи-батIиял лингвистиял словараздаса ва цогидалги источниказдаса къваригIарал баянал роси ва гьел кьучIдасанго хиси;

- мацIалъул гIуцIиялъул ва гьеб дандекколеб куцалъ хIалтIизабиялъул, гьелъул стилистикияб рахъалъ бугеб бечелъиялъул ва литературияб мацIалъул аслиял нормабазул хIакъалъулъ щулияб лъай щвей;

- мацIалъулъ кколел хиса-басиязе къимат кьезе, гьезул анализ гьабизе, гьел дандеквезе, ратIарахъизе ва тIелазде рикьизе бугеб бажари цебетIезаби;

- кIалзул ва хъвавул каламалъул культура, каламалъул аслиял тайпаби, батIи-батIияб ахIвал-хIалалъулъ мацI хIалтIизабиялъул къагIидаби, каламалъул этикаялъул нормаби щулаго лъазари;

- активияб ва тIатине бегьулеб (потенциалияб) рагIабазул нахърател бечелъизаби;

- каламалъулъ хIалтIизабулеб грамматика къадаралъул, объёмалъул рахъалъ кIодо гьаби;

- цIалиялда хурхарал хIалтIаби гьарулаго, щвараб лъаялдаса ва лъугьараб бажариялдаса пайда босизе бугеб махщел камиллъизаби.

## Курсалъул гIаммаб характеристика

Аслияб школалда авар мацIалъул курс буссун буго метапредметиял ва предметиял хIасилал тIуразариялде. Гьединаб мурадалде щола цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизеги, рахьдал мацIги, культураги щвалде щун лъаялъ. ЦIалдохъабазда гъваридго лъазе ккола кIалзул ва хъвавул каламалъул культура, каламалъул аслиял тайпаби, гьезда бажаризе ккола гIумруялъулъ кIвар бугел бакIазда  мацIалдаса пайда босизе. Гьезие щвезе ккола жамгIияб бечелъи ва мацIалъул система хIисабалда мацIалъулги, гьелъул гIуцIиялъулги, гьеб цебетIезабиялъулги хIакъалъулъ чара гьечIого къваригIарал баянал; гьезда щулаго лъазе ккола авар литературияб мацIалъул

аслиял нормаби, цІалдохъабазул калам бечелъизе ккола грамматикияб гІуцІиялъул ва рагІабазул нахъраталалъул рахъальги; гьезда бажаризе ккола батІи-батІиял лингвистиял словараздаса пайда босизеги, мацІалъулъ ккодел хиса-басиязе къимат кьезеги, гьезул анализ гьабизеги. ЦІалдохъабазда бичІчІизе ккола мацІ миллияб культура загьир гьабулеб формабазул цояб кколеблъи, мацІалдаги тарихалдаги гьоркьоб бугеб бухьен ва рахьдал мацІалъул миллиябгин культураялъул хаслъи; гьезда лъазе ккола каламалъул этикаялъул нормаби ва лъилгунниги гьоркьоблъи гьабиялъул культураги.

Лъай бугев цІалдохъанлъун вахъизе кумек гьабула метапредметиял статус бугел гьал хадусел хІалтІабаз:

*цІалиялда хурхарал батІи-батІиял коммуникативиял хІалтІаби* (каламалъул батІи-батІиял тайпаби лъазе, гІел бащадазулгунги цІикІкІаразулгунги пайдаяб калам (гара-чІвари) гьабизе; кІалзул ва хъвавул калам лъикІ бичІчІизе, лъураб суалалда тІасан тІубанго, битІун, дурусго ва пасихІго жиндирго пикру загьир гьабизе, хурхен гьабулаго, хъвавул ва кІалзул каламалъул аслиял нормаби ва каламалъул этикаялъул къагІидаби цІунизе ва гь.ц.);

*цІалиялда хурхарал батІи-батІиял нахъгІунтІиялъулал хІалтІаби* (суалалъе къокъго ва мухІканго баян кьезе, далил бачун бихьизабизе, жиндирго хасаб пикру загьир гьабизе; жиндирго ритІухълъи хІужжабаздалъун чІезабизе; батІи-батІиял источниказдаса чара гьечІого къваригІараб информация босизе; аслияб информация аслияб гурелдаса батІабахъизе; коммуникативияб мурадалда бан, цІалиялъул тайпа тІасабищулаго, цІалиялъул мурад бичІчІизе, информация балагьиялъул методал хІалтІизаризе; информация цІидасан къачІазе, системаялде бачине ва батІи-батІиял къагІидабаздалъун бихьизабизе ва гь.ц.);

*цІалиялда хурхарал батІи-батІиял регулятивиял хІалтІаби:* (жинца гьабулеб хІалтІул мурад лъезе ва гьелъие баян кьезе; гьабулеб хІалтІул тартибалъул план гьабизе ва нагагь хІажалъани гьеб хисизабизе; гьабураб хІалтІул жинцаго хал гьабизе, гьелъие къимат кьезе ва гь.ц.);

Гьеб хIалалда, авар мацIалъул курсалъул аслияб куцалда кIвар буссун буго литературияб мацIалъул нормабиги лъалев, жиндирго пикру ва рекIел хIал эркенго кIалзул ва хъвавул формаялда загьир гьабизеги бажарулев, цогидазда кIалъалаго этикиял нормабиги цIунизе лъалев тарбия щварав инсан гIезавиялде.

Авар мацIалъул курс цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизеги, рахьдал мацIги, культураги щвалде щун лъаялъул мурадалде буссараб букIин бихьизабулеб буго гьеб курсалъул гIуцIиялъги. Гьениб кьураб материал бикьун буго лъабго бутIаялде.

ТIоцебесеб бутIаялда кьун буго цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизе ругьун гьариялъул материал. Гьеб бутIаги гIуцIун буго гьал хадусел разделалдасан: «Калам ва калам гьаби», «Калам хIалтIизаби», «Текст», «МацIалъул функция».

КIиабилеб бутIаялда кьураб материалалъ цIалдохъабазе мацI лъазабизе кумек гьабула. Гьеб бутIаялда гъорлъе уна гьал хадусел разделал: «МацIалъул хIакъалъулъ гIаммаб баян», «Фонетика ва орфоэпия. Графика», «Морфемика ва рагIи лъугьин», «Лексика ва фразеология», «Морфология», «Синтаксис», «БитIунхъвай: орфография ва пунктуация».

Лъабабилеб бутIаялда кьун буго «МацI ва культура» абураб раздел. Гьелъ рес кьола тарихалда ва культураялда мацIалъул бугеб бухьен тIатинабизе.

Рахьдал мацI лъазабулаго, тIадехун рихьизарурал бутIабазулъ кьураб материалалда гьоркьоб щулияб бухьен букIине ккола. Масала, курсалъул разделал малъулаго, гьезул щибалда жаниб бугеб грамматикияб материал лъазабиялда цадахъ цIалдохъабаз хIаракат бахъула калам камиллъизабизеги, цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизе бугеб бажари цебетIезабизеги, миллиябгин культурияб бечелъи хIисабалда рахьдал мацIалъул хIакъалъулъ бугеб бичIчIи гъварилъизабизеги.

## ЦIалул планалда авар мацIалъ ккураб бакI

Аслияб школалда авар мацI лъазабизе бихьизабун буго кинабниги 348 сагIат. Гьезда гьоркьоса 5 – 8 классазда 70 – 70 сагIат (анкьида жаниб 2 сагIат, 35 цIалул анкь), 9 классалда 68 сагIат (анкьида жаниб 2 сагIат, 34 цIалул анкь) кьун буго.

Хурхен гьабиялъулаб мурадалде руссарал жакъа къоялъул тIалабазда рекъон рахьдал мацI лъазабулаго, программаялъ мацIалъул, стилистикияб яги цогидаб лингвистияб анализалъе батIи-батIиял жанразул текстазул анализ хIисабалде босун буго. Калам цебетIезабиялъе кIудияб кумек гьабула гьал хадур рехсарал хIалтIабаз: цIалараб яги рагIараб жоялъул хIасил бицин, реферат хъвай, тезисал гIуцIи, изложение, гьитIинабго сочинение хъвай ва гьел гурел цогидалги творческиял тIадкъаял тIурай.

***Авар мацI малъиялъул формаби:***

Лъайгун тарбия кьеялъул ва цIалдохъабазул гIакълу цIубазабиялъул масъалаби аслияб къагIидаялъ тIуразарула дарсида. Цебе лъураб мурадалда бан пайда босизе бегьула дарсил гьал хадусел тайпабаздаса:

цоцалъ жубараб дарс, гара-чIвариялъул (накъит гьабиялъул) дарс, щвараб лъай такрар гьабиялъул яги гIаммлъизабиялъул дарс, цIех-рех гьабиялъул дарс, лекциялъул дарс, семинаралъул дарс, практикумалъул дарс, калам цебетIезабиялъул дарс.

***Авар мацI малъиялъул методал ва къагIидаби:***

- малъараб материал гIаммлъизабизе накъит гьаби;
- разборалъул батIи-батIиял тайпаби (фонетикияб, лексикияб, рагIул гIуцIиялъул (морфемияб), морфологияб, синтаксисияб ва гь.ц.);
- тексталъул анализалда, гьеб цIидасан къачIаялда бухьарал хIалтIабазул тайпаби;
- батIи-батIиял жанразул авторасулал текстал гIуцIи;
- сверухъ ругезул каламалда хадуб халкквей, мугIалимасул тIадкъаялда рекъон хадуб пайда босизе къваригIараб материал бакIари;
- гIатIидго, къокъго яги тIасабищун изложение хъвай;

- сочинениял тIоритIи (жиндирго пикру загьир гьабун, сураталда ва кьураб сюжеталда тIасан);

- диктантал хъвай (словарияб, тIасабищул, хIадурлъиялъул, берзул, гIинзул, эркенаб, творчествоялъулаб, баянгун).

## Курс лъугIун хадуб кьолел хIасилал

Лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандарталъул тIалабазда ва мурадазда рекъон аслияб школалда авар мацIалъул курс лъазабун хадуб цIалдохъаби гьал хадусел хIасилазде щола:

**Напсиял хIасилал:**

1. Авар мацI магIарулазул милиябгин маданияб бечелъи кколеблъи бичIчIи; инсанасул рухIияб бечелъи, гIакълу, пагьму, бажари цебетIезабиялъулъ рахьдал мацIалъ тIубалеб хъулухъ ва школалъулаб лъай щвезабиялъулъ гьелъул бугеб кIвар бичIчIи.

2. Авар мацIалъул эстетикияб бечелъи бичIчIи; рахьдал мацIалдехун цIуна-къараб, хIурматияб бербалагьи букIинаби, гьелдаса чIухIи, миллияб маданият хIисабалда авар мацIалъул бацIцIалъи цIуни; калам цебетIезабизе хIаракат бахъи.

3. Гьудулзабигун гьорлъ росун, тIаде-гьоркье рачIун рукIиналъул мурадалда, эркенго пикру ва рекIел асар загьир гьабизе, рагIабазул нахърател бечелъизаби ва грамматика тIадегIанаб даражаялда лъазаби; жиндирго каламалъе къимат кьезе бажари.

**Метапредметиял хIасилал:**

1. Калам цебетIезаби:

*гIенеккун рагIараб жо цIи гьабун бицин (аудирование) ва цIали:*

- кIалзул ва хъвавул формаялда бицараб жо данд рекъон кколеб хIалалъ бичIчIи;

- батIи-батIиял жанразул ва стилазул текстал батIи-батIияб къагIидаялъ щулаго цIализе лъай;

- батIи-батIиял жанразул ва стилазул текстазул хIасил гIенеккун данд рекъон кколеб хIалалъ бичIчIи;

- батIи-батIиял бакIаздаса (масала, газетаздаса, журналаздаса, радиоялдаса, телевидениялдаса, интерненталдаса) информация босизе бажари; баян (справка) кьолеб адабияталдаса, батIи-батIиял тайпабазул словараздаса эркенго пайда боси;

- цо чIванкъотIараб темаялда тIасан материал тартибалде лъеялъулги тIасабищиялъулги къагIидаби гъваридго лъазари; живго жиндаго чIун, ай жинцаго информация балагьизе бажари; гIенеккун яги цIалун щвараб информация кьучIдасан хисизабун цIидасан гIуцIизеги, цIунизеги битIун кьезеги бажари;

- жидер стилистикиял хаслъабазде, хIасилалде ва пайда босарал мацIалъул алатазде балагьун, рицарал пикраби дандекквезе бажари;

*Гаргади ва хъвадари:*

- дарсида гьабизе кколеб хIалтIул тартиб ва мурад чIезабизеги, щварал хIасилазе къимат кьезеги, кIалзул ва хъвавул формаялда данд рекъон кколеб хIалалъ гьезул хIакъалъулъ бицинеги бажари;

-гIенеккун рагIараб яги цIалараб тексталъул хIасил цIи гьабун бицине бажари;

- батIи-батIиял тайпабазул, стилазул ва жанразул хъвавул ва кIалзул текстал гIуцIизе бажари;

- кIалзул ва хъвавул формаялда эркенго ва битIун жиндирго пикру рекъезабун сокIкIинеги, текст гIуцIиялъул нормаби цIунизеги, хIакъикъаталдехун, сверухъ тIабигIаталда кколел лъугьа-бахъиназдехун цIалараб, рагIараб ва бихьараб жоялдехун жиндирго бербалагьи загьир гьабизеги бажари;

- монологалъул ва диалогалъул батIи-батIиял тайпаби лъай (ай, цо лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ, хадуб-цебе ккезабун, бицине; жиндирго

пикру загьир гьабизе, мацIалъул ресаздалъун лъилниги-сундулниги хIакъалъулъ бицине, батIи-батIиял пикраби дандразе, гьира базабизе, цIехолдизе бажари);

- каламалъулъ жакъасеб авар литературияб мацIалъул битIунабиялъул, лексикиял, грамматикиял, стилистикиял аслиял нормаби дурусго цIуни; хъвадарулаго битIунхъваялъул ва пунктуациялъул аслиял къагIидаби дурусго цIуни;

- каламалъул этикаялъул нормабиги цIунун, гара-чIвариялъулъ гIахьаллъизе бажари;

- кIалъалаго жиндирго каламалда хадуб халкквезеги гьелъие къимат кьезеги бажари; грамматикиял ва каламалъулал гъалатIал тIатинаризе ва ритIизаризе, гьединго жидерго текстазул хал гьабизе (ай редакторлъи гьабизе), ва гьел камиллъизаризе бажари;

- аудиториялда гIел бащадазда цеве кIудиял гьечIел докладалгун, лекциялгун ва рефераталгун кIалъазе бажари; накъиталъулъ (гара-чIвариялъулъ) гIахьаллъи гьабулев чиясухъ гIенеккизе, диалогалъулъ гIахьаллъизе, жиндирго пикру загьир гьабизе, гьелъие далил бачине бажари; батIи-батIиял пикраби рукIиналъе ва щибасул жиндирго хасаб пикру загьир гьабизе ихтияр букIиналъе мукIурлъи;

2. Школалда щвараб лъайги лъугьараб бажариги гIумруялъулъ хIалтIизабизе бажари;

3. Цо кинаб бугониги тIадкъай цогидазда цадахъ тIубазабизе, дагIба-къецалъулъ гIахьаллъизе, кIвар бугел темабазда тIаса кIалъазе бажари;

**Предметиял хIасилал:**

1. МацIалъ тIубалеб аслияб хъулухъалъул, авар халкъалъул миллияб мацI хIисабалдаги Дагъистаналъул пачалихъияб мацI хIисабалдаги, авар, цез, гIанди миллатазе гIахьалаб мацI хIисабалдаги авар мацIалъул бугеб кIваралъул, мацIалда ва маданияталда гьоркьоб бугеб бухьеналъул, инсанасул ва обществоялъул гIумруялъулъ рахьдал мацIалъул бугеб

кIваралъул хIакъалъулъ бичIчIи;

2. Гуманитариял гIелмабазулъ рахьдал мацIалъ ккураб бакI ва лъаялъулъ гьелъул бугеб роль бичIчIи;

3. Рахьдал мацIалъул хIакъалъулъ гIелмияб лъаялъул аслу лъай; мацIалъул бутIабазда ва даражаязда гьоркьоб бугеб бухьен бичIчIи;

4. Лингвистикаялъул авалиял бичIчIиял лъай: лингвистика ва гьелъул аслиял бутIаби (разделал); мацI ва калам; каламалдалъун щулияб гьоркьоблъи, бухьен гьаби; кIалзул ва хъвавул калам; монолог, диалог ва гьезул тайпаби; ахIвал-хIалалъухъ балагьун, калам гьаби; бицунеб калам; гIелмияб, публицистияб, официалиябгин ишалъулаб стил, художествияб литератураялъул мацI; гIелмияб, публицистияб, официалиябгин ишалъулаб стилазул ва бицунеб каламалъул жанрал; каламалъул тайпаби (хабарияб, сипатияб ва пикрияб); текст ва тексталъул тайпаби; мацIалъул аслиял бутIаби, гьезул гIаламатал ва каламалъулъ хIалтIизариялъул хаслъаби;

5. Авар мацIалъул фразеология ва лексика, гьединго авар литературияб мацIалъул орфоэпиялъул, лексикаялъул, грамматикаялъул, орфографиялъул, пунктуациялъул аслиял нормабиги каламалъул этикаялъул нормабиги лъай; кIалзул ва хъвавул формаялда жиндирго пикру загьир гьабулаго, каламалъул практикаялъулъ гьездаса пайда боси;

6. МацIалъул грамматикиял категориял ва мацIалъул аслиял бутIаби ратIарахъизеги гьезул анализ гьабизеги лъай, каламалдалъун гьоркьоблъи гьабулаго, гьел мацIалъул категориял ва бутIаби рекъараб бакIалда хIалтIизари;

7. РагIул батIи-батIияб тайпаялъул (ай фонетикияб, морфемияб, рагIи лъугьиналъулаб, лексикияб, морфологияб) анализги рагIабазул дандраялъул ва предложениялъул анализги гьаби; гIуцIиялде, аслиял гIаламатазде, тайпабазде, стилалде ва пасихIал рагIаби хIалтIизариялъухъ балагьун, тексталъул анализ гьаби;

8. Грамматикияб ва лексикияб синонималъул коммуникативиябгин эстетикиял ресал ричIчIи ва жиндирго каламалъулъ гьездаса пайда боси;

9. Рахьдал мацӀалъул эстетикияб хъулухъ ва, художествияб литератураялъул анализ гьабулаго, жинца загьир гьабураб пикруялъул эстетикияб рахъалъе къимат лъезе бажари.

## Авар мацӀалъул курс лъазабиялъ щвезе ракӀалда ругел хӀасилал

**Калам ва калам гьаби**

***ИчӀабилеб класс лъугӀарав цӀалдохъан ругьунлъула:***

цоцазулгун гьоркьоблъи гьабулаго, монологалъул ва диалогалъул батӀи-батӀиял тайпабаздаса (лъилниги сундулниги хӀакъалъулъ хабар бицин, сипат-сурат гьаби, жиндирго пикру загьир гьаби) пайда босизе;

цоцазулгун гьоркьоблъи гьабулаго, каламалъул нормаби цӀунизе;

коммуникативияб мурад тӀубаялъул ва пайда босарал мацӀалъул алатал цоцада рекъонккеялъул рахъалъ монологияб ва диалогияб мисалияб каламалъе къимат кьезе;

цоцада кӀалъалаго, каламалъулъ кколел гӀунгутӀаби цереккунго нахъчӀвазе.

***ИчӀабилеб класс лъугӀарав цӀалдохъанасе ругьунлъизе рес щола:***

кӀудияб гуреб докладгун аудиториялда цеве вахъине; гӀемерал гӀадамалги ракӀарун, гьабулеб кӀалъаялъулъ жиндирго пикру ккун чӀезе;

коллективалъ гьоркьоб лъураб цо кинаб бугониги суалалда тӀасан кӀалъазе; жиндирго пикру кьучӀаб букӀин бихьизабизе, далил бачине; живго витӀарав вукӀиналда лъилниги ракӀ чӀезабизе;

цоцада кӀалъалаго, каламалъулъ кколел гӀунгутӀабазул аслияб гӀилла бичӀчӀизе ва гьелъие баян кьезе.

**Калам хӀалтӀизаби**

**Каламалъул тайпаби. ГӀенеккун рагӀараб жо цӀи гьабун бицин (аудирование)**

***ИчӀабилеб класс лъугӀарав цӀалдохъан ругьунлъула:***

гІенеккун рагІараб текст (тІубанго, ялъуни гьелъул аслияб хІасил, яги гьениса къваригІараб информация тІасабищун) цІи гьабун бицине; кьураб коммуникативияб масъалаялда рекъон кІалзул формаялда тексталъул хІасил хисизабичІого бицине;

тема, гьелъул коммуникативияб масъала ва аслияб пикру, художествияб, гІелмияб, публицистикияб, официалиябгин ишалъулаб текстал рициналъул логика бичІчІизе;   гьезулъ бугеб аслияб ва тІаде жубараб информация лъазе, кІалзул формаялда гьелъие баян кьезе.

***ИчІабилеб класс лъугІарав цІалдохъанасе ругьунлъизе рес щола:***

публицистикияб тексталъул якъинаб ва бахчараб информация бичІчІизе, кІалзул формаялда гьелъул анализ гьабизе.

**ЦІали**

***ИчІабилеб класс лъугІарав цІалдохъан ругьунлъула:***

цІаларал гІелмиял, публицистикиял, художествиял текстазул хІасил бичІчІизе; цоцазулгун гьоркьоблъи гьабулаго, гьединго мухІканго, къокъго, тІасабищун, планалъул ва тезисалъул формаялда гьеб хІасил цІи гьабун бицине;

коммуникативиял масъалазда рекъон лъазабун, лъай-хъвай гьабун ва тІасабищун цІалиялъул къагІидаби хІалтІизаризе;

гІаммго цебе лъураб информация бухьараб тексталдалъун бицине;

цІалул баян (справкаби) кьолел тІахьалгун ва цогидал информациялъулал источникалгун хІалтІиялъул къагІидабаздаса пайда босизе;

цо чІванкъотІараб темаялда хурхараб материал тІасабищизе ва тартибалде ккезабизе; тІасабищараб информациялъул анализ гьабизе ва цебе лъураб коммуникативияб масъалаялда рекъон гьелъие баян кьезе;

***ИчІабилеб класс лъугІарав цІалдохъанасе ругьунлъизе рес щола:***

цІаларал батІи-батІиял стилазда ва жанразда хурхарал текстазулъ бугеб якъинаб ва бахчараб информация бичІчІизе, гьелъул анализ гьабизе, гьелъие къимат кьезе;

батIи-батIиял источниказдаса цо кинаб бугониги практикияб суалалда хурхараб информация босизе ва гьеб суал тIубаялъе гIоло жиндирго пикру загьир гьабизе.

**Гаргади**

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъан ругьунлъула:***

цере лъурал мурадазда рекъон социалиялгин маданияталъул, рухIиялгин этикиял, рукIа-рахъиналъулал, цIалул темабазда тIасан монологияб ва диалогияб формаялда жиндирго пикру бицине;

цадахъ гьабулеб хIалтIул планалъул, гьелъул мурадалъул, гьабулеб хIалтIи бутIабазде бикьиялъул хIакъалъулъ къокъго ва мухIканго пикру бицине;

батIи-батIиял источниказдаса цо кинаб бугониги темаялда хурхараб материал босизе, гьеб тартибалде лъезе ва гьелъул анализ гьабизе;

жакъасеб авар мацIалъул аслиял орфоэпиял, лексикиял, грамматикиял нормаби каламалъулъ цIунизе; стилистикалъул рахъалъ дандекколеб куцалда лаксикаялдаса ва фразеологиялдаса, гьединго каламалъул этикаялъул къагIидабаздаса пайда босизе.

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъанасе ругьунлъизе рес щола:***

цоцазулгун гьоркьоблъи гьабулаго, батIи-батIиял стилазда ва жанразда хурхарал монологал ва диалогал гIуцIизе;

докладгун аудиториялда цеве кIалъазе;

цебе лъураб мурадалде щвеялде балагьун, бицунеб каламалъе къимат кьезе ва гьелъул анализ гьабизе.

**Хъвадари**

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъан ругьунлъула:***

батIи-батIиял коммуникативиял мурадазде руссарал хъвавул монологал гIуцIизе (ай социалиялгин маданияталъул, рухIиялгин этикиял, рукIа-рахъиналъулал, цIалул темабазда тIасан сочинениял, ахIвал-хIалазул хIакъалъулъ харбал, тезисал, отзывал, распискаби, доверенностал, гIарзаби хъвазе);

ргIараб яги цIалараб тексталъул хIасил мухIканго, къокъго, тIасабищун, гьединго планалъул ва тезисалъул формаялда бицине (хъван);

жакъасеб авар мацIалъул аслиял лексикиял, грамматикиял, орфографиял ва пунктуациялъулал нормаби хъвавулъ цIунизе; стилистикалъул рахъалъ дандекколеб куцалда лаксикаялдаса ва фразеологиялдаса пайда босизе.

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъанасе ругьунлъизе рес щола:***

рецензиял ва рефератал хъвазе;

конспектал, тезисал ва аннотациял хъвазе;

резюме, ишалъулал кагътал, лъазариял хъвазе;

**Текст**

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъан ругьунлъула:***

хIасилалъул ва гIуцIиялъул рахъалъ батIи-батIиял тайпабазул, стилазул, жанразул текстазул анализ гьабизе ва гьезие характеристика кьезе;

гIадатаб ва жубараб план, тезисал, схемаби, таблицаби хIисабалда тексталъул хIасилги кьун, гьеб текст хисизабизе;

батIи-батIиял тайпабазул, стилазул, жанразул текстал гIуцIизе ва гьезда тIад хIалтIи гьабизе;

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъанасе ругьунлъизе рес щола:***

цIалулгин гIелмиял текстал кIалзул ва хъвавул формаялда гIуцIизе.

**МацIалъул функция**

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъан ругьунлъула:***

гара-чIвараялъулал, гIелмиял, публицистикиял, официалиялгин ишалъулал стилазул текстал, гьединго художествиял текстал практикияб къагIидаялъ цоцаздаса ратIарахъизе;

батIи-батIиял жанразул текстал ратIарахъизе ва гьезул анализ гьабизе;

батIи-батIиял стилазул, жанразул ва каламалъул тайпабазул текстал гIуцIизе;

батIи-батIияб мурад тIубазе гьабураб каламалъе къимат кьезе;

каламалъулъ кколел гIунгутIаби ритIизаризе, тексталда тIад хIалтIизе;

кIудиял гурел информациялъулал лъазабиялгун ва цIалулгин гIелмияб темаялда тIасан докладгун гIел бащадазул аудиториялда цеве кIалъазе.

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъанасе ругьунлъизе рес щола:***

лексикиял, морфологиял, синтаксисиял алатал жиделъ хIалтIизариялъул хаслъабазухъги балагьун, гара-чIвариялъулал, гIелмиял, публицистикиял, официалиялгин ишалъулал стилазул текстал, гьединго художествияб адабияталъул текстал цоцаздаса ратIарахъизе ва гьезул анализ гьабизе;

батIи-батIиял стилазул ва жанразул текстал гIуцIизе; цIалулгин гIелмияб темаялда тIасан тIоритIулел бахIсазулъ гIахьаллъизе; резюме, ишалъулаб кагъат, официалиябгин ишалъулаб стилалъул лъазаби данде гьабизе; доклад, информациялъулаб кIудияб гьечIеб макъала (заметка), публицистикияб стилалъул пикрияб сочинение хIадуризе; каламалъул нормабиги цIунун, накъитазулъ, гара-чIвариязулъ, дагIба-къецазулъ гIахьаллъи гьабизе; рукIа-рахъиналъулал харбал, къисаби гIуцIизе, гьудул-гьалмагъзабазухъе, гIагарлъиялъухъе кагътал хъвазе;

ракI гъезабулеб яги ракI чIезабулеб каламгун гIел бащадазул аудиториялда цеве кIалъазе.

**МацIалъул хIакъалъулъ гIаммаб баян**

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъан ругьунлъула:***

гIурус ва дагъистаналъул мацIазда гьоркьоб авар мацIалъ ккураб бакIги авар-гIанди-цIез миллатазда гьоркьоб авар мацIалъ тIубалеб хъулухъги бихьизабизе;

литературияб мацIалдаги, гIадатияб мацIалдаги, диалектаздаги гьоркьоб бугеб батIалъи чIезабизе.

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъанасе ругьунлъизе рес щола:***

авар мацI цIуниялда ва цебетIезабиялда тIад хIалтIулел гIалимзабазе къимат кьезе.

**Фонетика ва орфоэпия. Графика.**

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъан ругьунлъула:***

рагIул фонетикияб анализ гьабизе;

авар литературияб мацIалъул аслиял орфоэпиял нормаби цIунизе;

авар мацIалъул гъаркьал хIарпаздалъун рихьизаризе;

словараздаса къваригIараб информация босизе ва жинца тIоритIулел батIи-батIиял хIалтIабазулъ гьелдаса пайда босизе.

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъанасе ругьунлъизе рес щола:***

лирикиял ва хабариял тестал пасихIго цIализе;

**Морфемика ва рагIи лъугьин**

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъан ругьунлъула:***

рагIул магIнаяб, грамматикияб ва рагIи лъугьиналъулаб анализалъул кьучIалда рагIаби морфемазде рикьизе;

лъазарурал рагIи лъугьиналъул къагIидаби ратIа гьаризе;

битIунхъваялъул практикаялъулъ, гьединго рагIул грамматикияб ва лексикияб анализ гьабулаго, морфемикаялда тIасан щвараб лъаялдаса ва лъугьараб бажариялдаса пайда босизе.

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъанасе ругьунлъизе рес щола:***

рагIи лъугьиналъул къагIидаби рихьизаризе;

морфемиял ва рагIи лъугьиналъул словараздаса къваригIараб информация босизе;

рагIул лексикаялъул магIнаялъе ва битIунхъваялъе баян кьолаго, гьеб рагIи сундасан ва сундул кумекалдалъун лъугьун бугебали бихьизабизе.

**Лексика ва фразеология.**

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъан ругьунлъула:***

рагIул лексикияб анализ гьабизе (рагIул лексикияб магIна, рагIул цо ва гIемер магIна, рагIул битIараб ва хъвалсараб магIна, активияб ва пассивияб рагIи, гьединго рагIи хIалтIизе бегьулеб гIурхъи ва гьеб рагIул стилистика бихьизабизе);

тематикиял тIелазде рагIаби рикьизе;

рагIабазе антонимал, синонимал тIасарищизе;

фразеологиял сверелал ратIарахъизе;

загьир гьарурал пикрабазулъ (бицун, хъван) лексикиял нормаби цIунизе;

текстальулъ предложениязда гьоркьоб бухьен гьабиялъул алат хIисабалдаги каламалъулъ къучI гьечIеб такрарлъи битIизабиялъул алат хIисабалдаги синонимал хIалтIизаризе;

батIи-батIиял лексикиял (ай магIна баян гьабулел, синонимазул, антонимазул, фразеологиял ва гь.ц.) словараздаса пайда босизе.

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъанасе ругьунлъизе рес щола:***

авар мацIалъул словарияб гIуцIи тIелазде бикьизе;

рагIул грамматикияб ва лексикияб магIнаялда гьоркьоб бугеб батIалъи далил бачун бихьизабизе;

батIи-батIиял омонимал ратIарахъизе лъазе;

рагIаби пасихIго ва жиндирго бакIалда хIалтIизариялъул рахъги хIисабалде босун, жив бетIергьанаб (ай жиндиргояб) ва чидар каламалъе къимат кьезе;

батIи-батIиял тайпабазул лексикиял словараздаса (ай магIна баян гьабулел, синонимазул, антонимазул, фразеологиял, басралъарал рагIабазул, батIияб мацIалдаса росарал рагIабазул ва цогидалги словараздаса) къваригIараб информация босизе.

**Морфология**

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъан ругьунлъула:***

жалго жидедаго чIарал каламалъул бутIаби ва гьезул формаби, гьединго кумекалъулал каламалъул бутIаби ратIарахъизе;

рагIул грамматикияб анализ гьабизе;

жакъасеб авар литературияб мацIалъул нормабазда рекъон батIи-батIияб каламалъул бутIаялъул рагIабазул формаби хIалтIизаризе;

морфологиялда тIасан щвараб лъай ва лъугьараб бажари битIунхъваялъул практикаялъулъ хIалтIизабизе;

грамматикиял омонимал лъазаризе.

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъанасе ругьунлъизе рес щола:***

грамматикиял омонимал ратIарахъизе;

грамматикияб анализалъе словараздасан къваригIараб информация балагьизе.

**Синтаксис**

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъан ругьунлъула:***

синтаксисалъул аслиял бутIабиги (рагIабазул дандрай ва предложение) гьезул тайпабиги рихьизаризе;

гIуцIиялъухъги, магIнаялъухъги, тIубалеб хъулухъалъухъги балагьун, рагIабазул дандраязул ва предложениязул анализ гьабизе;

жакъасеб авар литературияб мацIалъул нормабазда рекъон синтаксисалъул бутIаби каламалъулъ хIалтIизаризе;

синтаксисалда тIасан щвараб лъай ва лъугьараб бажари битIунхъваялъул практикаялъулъ хIалтIизабизе;

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъанасе ругьунлъизе рес щола:***

публицистияб ва художествияб каламалъулъ рекIелъе роргулел, рекIел асар гьарулел алатал ратIарахъизе лъазе ва гьезие къимат кьезе;

гIелмиял ва официалиялгин ишалъулал стилазул текстазулъ синтаксисиял гIуцIаби хIалтIизариялъул хаслъаби баян гьаризе;

жидер функционалиялгин стилистикиял качествазухъ балагьун, синтаксисиял гIуцIаби хIалтIизариялъул хаслъабазул анализ гьабизе.

**БитIунхъвай: орфография ва пунктуация**

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъан ругьунлъула:***

хъвадарулаго орфографиялъул ва пунктуациялъул нормаби цIунизе;

рагIи битIун хъваялъул тIаса бищараб къагIида кIалзул формаялда (далилалги рачун) ва хъвавул формаялда (цо кинаб бугониги шартIияб гIаламаталъул кумекалдалъун) баян гьабизе;

орфографиял ва пунктуациялъулал гъалатIал тIатинаризе ва ритIизаризе.

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъанасе ругьунлъизе рес щола:***

каламалъулъ орфографиялъ ва пунктуациялъ тIубалеб хъулухъ бихьизабизе;

орфографиял словараздаса къваригIараб информация батIа гьабизе ва хъвадарулаго гьеб информациялдаса пайда
босизе.

**МацI ва культура**

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъан ругьунлъула:***

кIалзул гьунаралъул асаразулъ, художествияб литератураялъулъ ва тарихиял текстазулъ миллиябгин культурияб компоненталъул магIнаялда хурхарал мацIалъул бутIаби тIатинаризе;

нилъер республикаялъул культура ва тарих лъикI лъазабизе, мацI лъазабиялъ рес кьолеблъи бихьизарулел мисалал рачине;

гIумруялъулъ хIажалъараб бакIалда авар каламалъул этикаялдаса пайда босизе.

***ИчIабилеб класс лъугIарав цIалдохъанасе ругьунлъизе рес щола:***

халкъалъул, ай авар мацIалда кIалъалеб миллаталъул мацIалда, культураялда ва тарихалда гьоркьоб бугеб бухьеналъе цо-цо мисалалдалъун къимат (характеристика) кьезе;

авар каламалъул этикет гIурус ва цогидалги дагъистаналъул миллатазул каламалъул этикеталда дандекквезе ва гьелъул анализ гьабизе.

## ЦIалул предметалъул аслияб гIуцIи

### Цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизе квербакъулеб материал

*I. Калам ва калам гьаби.*

1. Калам ва калам гьаби. Диалогияб ва монологияб калам. КIалзул ва хъвавул калам. Монолог ва гьелъул тайпаби. Диалог ва гьелъул тайпаби.

2. КIалзул ва хъвавул каламалъул хаслъи бичIчIи; кIалзул ва хъвавул каламалъул рихьизарурал мисалазул анализ гьаби. Диалогияб ва монологияб калам цоцадаса батIа гьаби. Диалогияб ва монологияб каламалъул батIи-батIиял тайпаби хIалтIизаризе лъай. КIалъалев чиясул мурад ва гьев

кIалъаялъул гIилла бичIчIи. Цоцазулгун гьоркьоблъи гьабулаго, каламалъул нормаби цIуни.

*II. Калам хIалтIизаби.*

1. Каламалъул аслиял тайпаби: гIенеккун рагIараб жо цIи гьабун бицин, гаргади, цIали, хъвадари. ГIенеккун рагIараб жо цIи гьабун бициналъул, гаргадиялъул, цIалиялъул, хъвадариялъул культура.

2. Каламалъул аслиял тайпаби гъваридго лъазари, ай гIенеккун рагIараб жо цIи гьабун бицинеги, гаргадизеги, цIализеги, хъвадаризеги щулаго лъазаби. ТIаде балагьун бихьараб яги гIенеккун рагIараб тексталъул аслияб ва тIаде жубараб информация дандрекъон кколеб куцалъ бичIчIи. ЦIалараб яги гIенеккун рагIараб тексталъул хIасил къокъго яги гIатIидго бицин. ЦIалиялъул аслиял къаг1идабиги *(лъазабиялъул, лъай-хъвай гьабиялъул ва тIасабищиялъул)* цIалул тIехьгун хIалтIиялъул къагIидабиги щулаго лъай. РагIараб яги цIалараб тексталъул хIасил мухIканго, къокъго, тIасабищун, гьединго планалъул ва тезисалъул формаялда бицин (хъван). Цебе лъураб мурадалда рекъон батIи-батIиял коммуникативиял мурадазде руссарал хъвавул ва кIалзул монологал, гьединго диалогал гIуцIи. Цо чIванкъотIараб темаялда хурхараб материал тIасабищи ва системаялде ккезаби; батIи-батIияб источникалдаса босараб информация хисизаби ва гьелъие къимат кьей.

*III. Текст.*

1. Каламалъул нигIмат хIисабалда текст, тексталъул аслиял гIаламатал (магIнаялъул рахъалъ тIубараб букIин, бутIабаздасан гIуцIараб букIин ва гьел бутIабазда гьаркьоб бухьен букIин). Тексталъул тема ва аслияб пикру. Тексталъулъ бугеб щибаб абзацалъул тема. Тексталъул бутIаби ва предложениял цоцалъ рухьарал къагIидаби. Абзац. Тексталъул тайпаби: хабарияб, сипатияб ва пикрияб. Тексталъул гIуцIи. Тексталъул план, конспект (хъвараб къокъаб хIасил), аннотация (къокъаб куцалда хъвараб хIасил).

2. Тексталъул анализ: тексталъул тема чӀезаби, ай тексталъулъ сундул хӀакъалъулъ бицунеб бугебали бихьизаби; тексталъул аслияб пикру загьир гьаби; тексталда цӀар лъей; тексталъул гӀуцӀи ва кинаб стилалъул гьеб текст кколебали бихьизаби. Текст магӀнаял бутӀабазде биххи ва план гӀуцӀи. Тексталъулъ предложениял цоцалъ рухьарал къагӀидаби рихьизари. МацӀалъул хаслъиялъул рахъалъ тексталъул анализ гьаби. БатӀи-батӀияб тайпаялъул, стилалъул ва жанраялъул текстал гӀуцӀи. Текст гӀуцӀиялъул нормаби цӀуни (пикру гьабиялъулъ гӀакълуялда дандеккей (рекъей) букӀин, тексталъул бутӀабазул тартиб букӀин, гьел бутӀаби цоцада рухьун рукӀин, темаялда дандеккей ва гь.ц.) КӀалзул ва хъвавул формаялда загьир гьабураб пикруялъе къимат кьей ва гьелда тӀад хӀалтӀи.

IV. *МацӀалъул функционалиял тайпаби.*

1. МацӀалъул функционалиял тайпаби: кӀалзулаб калам; функционалиял стилал: гӀелмияб, публицистикияб, официалиябгин ишалъулаб ва гьезул аслиял хаслъаби; художествияб литератураялъул мацӀ.

Каламалъул гӀелмияб *(отзыв, реферат, кӀалъай, доклад, макъала, рецензия)*, публицистикияб *(кӀалъай, макъала, интервью, очерк)*, официалиябгин ишалъулаб *(расписка, доверенность (вакиллъиялъул кагъат), гӀарза, резюме)* ва гара-чӀвариялъулаб *(хабар, гара-чӀвари, накъит, дагӀба (дагӀба-къец))* стилазул аслиял жанрал.

2. Тексталъул стиль чӀезаби. Социалиябгин маданияталда, рухӀиябгин этикаялда, жамгӀиябгин политикаялда, рукӀа-рахъиналда хурхарал темабазда тӀасан бицине лъай. БатӀи-батӀиял тайпабазул сочинениял хъвай; батӀи-батӀиял стилазул ва жанразул текстал гӀуцӀи: тезисал, конспектал, отзыв, реферат, кагъат, макъала, расписка, доверенность (вакиллъиялъул кагъат), гӀарза, резюме.

**МацӀ лъазабизе квербакъулеб материал**

*V. МацӀалъул хӀакъалъулъ гӀаммал баянал*

1. Обществоялъулъ ва инсанасул гӀумруялъулъ мацӀалъул бугеб кӀвар. Авар мацӀ магӀарулазул миллияб мацӀ ва Дагъистан республикаялъул

пачалихъияб мацI ккей. Авар мацI бижи ва цебетIей. Жакъасеб рахьдал мацI хIалтIизабиялъул формаби: литературияб мацI, наречиял, диалектал, бакIалъулал сверелал, гIадатияб ва цо хасаб махщалида-пишачилъиялда хурхараб мацI (калам).

Авар мацI магIарул художествияб литератураялъул мацI ккей. Авар мацIалъул сипат-сурат гьабиялъулал ресал. МацIалъул гIелму хIисабалда лингвистика. Лингвистикаялъул аслиял бутIаби. Авар мацIалъул гIалимзабазул хIакъалъулъ къокъал баянал.

2. Обществоялъул гIумруялъулъ рахьдал мацIалъул бугеб кIвар бихьизаби. Литературияб мацIалдаги диалектаздаги, бакIалъулал сверелаздаги гьоркьоб бугеб батIалъи бичIчIи. Рахьдал мацIалъул берцинлъи, бечелъи ва пасихIлъи бичIчIи. Художествиял текстазулъ сипат-сурат гьабиялъулал ресал хIалтIизариялда хадуб халккей.

*VI.Фонетика ва орфоэпия (битIун аби)*

1. Лингвистикалъул бутIа хIисабалда фонетика. МацIалъул бутIа хIисабалда гьаракь. Рагьарал гьаркьал. Рагьукъал гьаркьал. Лабиалиял гьаркьал. Геминатал. Каламалъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиса-басиял. Слог. Ударение. Лингвистикалъул бутIа хIисабалда орфоэпия. БитIун абиялъул къагIидаби. Орфоэпияб словарь.

2. Авар мацIалъе хасиятал рагьукъал гьаркьалги, геминаталги, лабиалиял гьаркьалги битIун абиялъул бажари жеги камил гьаби. РагIул фонетикияб разбор гьаби. РагIаби битIун аби. БитIун абиялъул рахъалъ жиндир ва чияр каламалъе къимат кьей. Жиндирго каламалъулъ фонетикагин орфоэпиялда тIасан щвараб лъаялдаса ва лъугьараб бажариялдаса пайда боси.

*VII. Графика.*

1. Лингвистикалъул бутIа хIисабалда графика. Гьаркьида ва хIарпалда гьоркьоб бугеб бухьен. Хъвай-хъвагIаялъулъ геминатал ва лабиалиял гьаркьал рихьизари. Гьаракь [й] бихьизабулел къагIидаби.

2. РагІулъ гьаркьилаб ва хІарпазулаб гІуцІи дандекквезе бугеб бажари камил гьаби. Словараздаса къваригІараб информация балагьулаго, алфавиталдаса пайда боси.

*VIII. РагІул гІуцІи (Морфемика) ва рагІи лъугьин.*

1. Лингвистикалъул бутІа хІисабалда морфемика. МацІалъул бищунго гьитІинаб магІнаялъулаб бутІа хІисабалда морфема. РагІул форма лъугьиналъул ва рагІи лъугьиналъул морфемаби. Суффикс рагІул форма лъугьиналъул ва рагІи лъугьиналъул морфема ккей. Ахир рагІул форма лъугьиналъул морфема ккей. Кьибил. Кьибил цоял рагІаби. Морфемабазулъ рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиса-басиял. Лингвистикалъул бутІа хІисабалда рагІи лъугьин. РагІул аслияб ва хъвалсараб аслу. РагІи лъугьиналъул аслиял къагІидаби: суффиксазул кумекалдалъун, рагІаби журан, цо каламалъул бутІа цогиялъул бакІалда хІалтІизабун, метатония (рагІулъ ударение хисиялдалъун). РагІи лъугьиналъул ва морфемиял словарал.

2. Морфема мацІалъул бищунго гьитІинаб магІнаялъулаб бутІа кколеблъи бичІчІи. РагІул форма лъугьиналъулъги цІияб рагІи лъугьиналъулъги морфемабазул бугеб кІвар бичІчІи. РагІи лъугьиналъул аслиял къагІидаби рихьизари. Морфемикаялда вар рагІи лъугьиналда тІасан щвараб лъайги лъугьараб бажариги битІунхъваялъул практикаялъулъ хІалтІизаби. ЦІалиялда хурхарал батІи-батІиял масъалаби тІуразарулаго, рагІи лъугьиналъул ва морфемиял словараздаса пайда боси.

*IX. Лексикология ва фразеология.*

1. Лингвистикалъул бутІа хІисабалда лексикология. РагІи мацІалъул аслияб бутІа ккей. РагІул лексикияб магІна. Цо магІнаялъул ва гІемер магІнаялъул рагІаби. РагІул битІараб ва хъвалсараб магІна. Рахьдал мацІалъул магІнавиял словарал. Синонимал. Антонимал. Омонимал. Синонимазул, антонимазул ва омонимазул словарал. Жиб бижиялъухъ балагьун, рахьдал мацІалъул лексика: рахьдал мацІалъулъ гІодосанго (церегоялдаса нахъе) ругелги цогидал мацІаздаса рачІаралги рагІаби. Жиб

активияб ва пассивияб нахърателлъун букIиналде балагьун, рахьдал мацIалъул лексика. ЦIиял ва басралъарал рагIаби (неологизмаби, историзмаби, неологизмаби). Жиб хIалтIизабизе бегьулеб гIурхъиялде балагьун, рахьдал мацIалъул лексика. Киназго хIалтIизарулел рагIаби. Диалектиял (бакIалъулал) ва пишачилъиялъулал рагIаби. Лексикаялъул стилистиял кьерал.

Лингвистикалъул бутIа хIисабалда фразеология. Фразеологизмаби. Фразеологизмаби хIисабалда кицаби; абиял; гъваридаб магIна бугеб, цо пикру бихьизабулеб къокъаб пасихIаб калам (ай афоризмаби) ва машгьурлъун арал (халкъалда гьоркьор тIоритIарал) рагIаби. Фразеологиял словарал. БатIи-батIиял тайпабазул лексикиял словарал ва рахьдал мацIалъул лексикияб бечелъи лъазабиялъулъ гьезул бугеб кIвар.

| | | предложениялъулъ кIиго ва цIикIкIун грамматикияб аслу букIин. Журарал предложениязулъ ругел гIадатал предложениял союзаздалъунги союзал гьечIогоги цолъизаризе бегьи ва запятаялдалъун ратIа тIезари (авалияб баян). Авторасул рагIабазда хадуб ва цебе битIараб калам. БитIараб каламалъулъ лъалхъул ишараби. Диалог. Диалогалда цебе тире.<br>**К.Ц.** Текст. Тексталъул тема. Хъвавул ва кIалзул, диалогияб ва монологияб калам. Тексталъул аслияб пикру. Тексталъул тайпа хIисабалда кагъат.<br>**К.XI.** Грамматикияб тIадкъайгун контролияб диктант. | | Предложениялъул синтаксисияб разборалъул гIаммаб план гIуцIизе.<br>Предложениязул схемаби гIуцIизе.<br>Каламалъулъ батIи-батIияб падежалда подлежащее хIалтIизабизе.<br>Предложениялъул синтаксисияб разборалъе тIубанго баян кьезе.<br>Тайпа цоял членалги гъорлъе ккезарун, предложениял гIуцIизе. Тексталъулъ хитIаб батизе, подлежащеялдаса гьелъул бугеб батIалъи бихьизабизе.<br>Авторасул рагIабиги битIараб каламги рихьизаризе, битIараб калам гъорлъ бугел предложениязул схемаби гIуцIизе.<br>Предложениялъулъ ва цогидалги лъазарурал синтаксисиял гIуцIабазулъ лъурал |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | лъалхъул ишараби баян гьаризе. Грамматикиял аслуязул къадаралъухъ балагьун, гӀадатал ва журарал предложениял цоцаздаса ратӀарахъизе. Схемабазда рекъон журарал предложениял гӀуцӀизе. Тексталъул тема чӀезабизе, гьелъул аслияб пикру загьир гьабизе. Тексталъул темаялдаги гьелъул аслияб пикруялддаги гьоркьоб бугеб бухьен чӀезабизе. |
| **4** | Фонетика. Орфоэпия. Графика. Орфогра-фия. Калама-лъул культура. | МацӀалъул хӀакъалъулъ бугеб гӀелмуялъул бутӀа хӀисабалда фонетика. МацӀалъул бутӀа хӀисабалда гьаракь. Каламалъул гьаркьал; рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Лабиалиял гьаркьал. Геминатал. РагӀулъ ударение. Ударение бугелги ударение гьечӀелги рагьарал гьаркьал. | **9+2** | Фонетикалъул аслиял бичӀчӀиял гьваридго лъазаризе. ХӀарп гьаркьидаса батӀабахъизе. РагӀулъ гьаркьал рихьизаризе ва гьезул фонетикияб анализ гьабизе. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал цоцаздаса ратӀарахъизе. Лабиалиял гьаркьал ва |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | РагӀул фонетикияб разбор. Орфоэпиялъул словарал.<br>МацӀалъул хӀакъалъулъ бугеб бутӀа хӀисабалда графика. Хъвавулъ каламалъул гьаркьал рихьизари; алфавит.<br>Басмаялъул ва кверзул хӀарпал; кӀудиял ва гьитӀинал (мухъилал) хӀарпал. Каллиграфия.<br>***Я, е, ё, ю*** хӀарпазул гьаркьилаб магӀна. Лъабго магӀнаялъулал хӀарпал: ***Ъ, ь***.<br>Орфограммаялъул гӀаламатал.<br>Орфографияб разбор.<br>Орфографиял словарал.<br>**К.Ц.** Тексталъул тайпаби. Хабарияб текст. Сипат-сурат гьаби (предметалъул); загьир гьабураб пикруялда, цебе лъураб мурадалда ва кьураб темаялда бан, мацӀ бегӀер гьабулел алатал тӀасарищи.<br>**К.XI.** Контролияб | | геминатал битӀун абизе, лабиалиял гьаркьал ва геминатал гъорлъ ругел рагӀаби битӀун хъвазе. Ударение бугеб бакӀ бихьизабизе, жидер магӀна яги форма хисулаго, ударение хисиялда хадуб халкквезе, рагӀаби ва гьезул формаби нормабазда рекъон каламалъулъ хӀалтӀизаризе.<br>РагӀаби слогазде риххизе, батӀи-батӀиял тайпабазул слогал гъорлъ ругел рагӀаби цо мухъидаса цоги мухъиде битӀун росизе.<br>РагӀул фонетикияб разбор гьабизе (кьураб алгоритмаялда рекъон).<br>Е, ё, ю, я, ъ, ь хӀарпаз тӀубалеб хъулухъ бихьизабизе.<br>РагӀулъ бугеб хӀарпазул ва гьаркьазул гӀуцӀиялъул дандекквеялъулаб анализ гьабизе. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | диктант. | | Текстальъул тайпаби чIезаризе.<br>Хабарияб текст гIуцIизе.<br>МацIалъул бечелъиялдаса пайдаги босун, предметалъул сипат-сурат гъабизе. |
| 5 | **Лексика. Калама-лъул культура** | Мац1алъул хIакъалъулъ бугеб бутIа хIисабалда лексика. МацIалъул бутIа хIисабалда рагIи. РагIи ва гьелъул лексикияб магIна. Цо магIнаялъул ва гIемер магIнаялъул рагIаби. РагIул битIараб ва хъвалсараб магIна. Омонимал. Синонимал. Антонимал. РагIабазул магIна баян гьабулел словарал.<br>**К.Ц.** Байбихьиги кьочIое босун, текст гIуцIи (дурусаб, рагIа-ракьанда бахараб изложение), гьеб текст бутIабазде биххи. | **5+1** | МацIалъул цогидал бутIабаздаса рагIи батIа гьабизе.<br>РагIул лексикияб магIнаялдаги грамматикияб магIнаялдаги гьоркьоб бугеб батIалъи баян гьабизе.<br>БатIи-батIиял къагIидабаздаса пайдаги босун, рагIабазул лексикияб магIна лъазабизе.<br>РагIул битIараб ва хъвалсараб магIна бихьизабизе.<br>ГIемер магIнаялъул рагIабаздаса омонимал ратIа гьаризе.<br>Синонимал ва антонимал текстальулъ ралагьизе ва тIасарищизе. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | РагIи мухIканго ва пасихIго хIалтIизабиялъул рахъалъ жиндир ва чияр каламалъе къимат кьезе. РагIабазул магIна баян гьабулел словараздаса, синонимиял, антонимиял ва цогидалги словараздаса пайда босизе. Байбихьиги кьочIое босун, текст гIуцIизе. |
| **6** | **Морфемика. Орфография. Каламалъул культура** | МацIалъул хIакъалъулъ бугеб бутIа хIисабалда морфема. РагIабазул бищунго гьитIинаб магIнаяб бутIа хIисабалда морфема. РагIаби лъугьин ва хиси. Кьибил цоял рагIаби. Жалго жидедаго чIарал рагIабазулъ аслу ва ахир. РагIабазулъ ахираз тIубалеб хъулухъ. Кьибил, суффикс ва рагIулъ гьез тIубалеб хъулухъ. РагIулъ рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиси. РагIул | **6+2** | РагIи лъугьиналъул ва морфемикаялъул (рагIул гIуцIиялъул) аслиял бичIчIиял лъазаризе. МацIалъул хIакъалъулъ бугеб бутIа хIисабалдаги рагIабазул бищунго гьитIинаб магIнаяб бутIа хIисабалдаги морфема бичIчIизе. Цого цо рагIул формабаздаги кьибил цоял рагIабаздаги гьоркьоб бугеб батIалъи бихьизабизе. Морфемаби ратIарахъизе ва магIнаялъулаб, |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | гIуцIиялъул разбор. РагIул гIуцIиялъул (морфемиял) словарал. МацIалъул хIакъалъулъ бугеб бутIа хIисабалда орфография (битIунхъвай). Орфографиялъул (битIунхъваялъул) къагIида (правило). **К.Ц.** Цо кинаб бугониги темаялда тIаса жидерго пикру загьир гьаби. Пикрияб текст, гьелъул гIуцIи ва тайпаби. Сураталъул сипат-сурат гьаби. **К.ХI.** Контролияб диктант. | | грамматикияб ва рагIи лъугьиналъулаб анализалъул кьучIалда рагIаби морфемабазде рикьизе. РагIул форма хисизабулелъульги цIияб рагIи лъугьиналъульги суффиксалъул бугеб кIвар бихьизабизе. БатIи-батIиял суффиксал гъорлъ ругел рагIаби каламалъулъ хIалтIизаризе. РагIул кьибилалъулъ рагьарал ва рагьукъал гьаркьал хисулел къагIидабазулгун лъай-хъвай гьабизе; хисарал рагьарал ва рагьукъал гьаркьазулгун кьибил батIа гьабизе. РагIул гIуцIиялъул разбор гьабизе. Цо кинаб бугониги темаялда тIаса жидерго пикру загьир гьабизе. Сураталъул сипат-сурат гьабизе. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **7** | Морфология. Орфография. Каламалъул культура. Жалго жидедаго чIарал каламалъул бутIаби. Предметияб цIар. | Каламалъул бутIа хIисабалда предметияб цIар. Предметияб цIаралъ предложениялъулъ тIубалеб синтаксисияб хъулухъ. Хасал цIаразул (гIадамазул, географиял цIаразул, къватIазул, байданазул цIаразул, тарихиял лъугьа-рахъиназул ва пачалихъиял байрамазул цIаразул) бетIералда кIудияб хIарп. ТIахьазул, газетазул ва журналазул, суратазул, кинофильмабазул, спектаклязул, литературиял ва музыкалиял асаразул цIаразул бетIералда кIудияб хIарп. Гьел цIарал кавычкабаздалъун ратIа гьари. Цо-цо гIаммал цIарал хасаллъун ккей. Предметияб цIаралъул жинс. Предметияб цIаралъул цолъул ва | **5+1** | Морфологиялъул аслиял бичIчIиял лъазаризе. РагIул лексикияб магIнаялда дандеккун грамматикияб магIнаялъул хаслъи бичIчIизе. Предметияб цIаралъул грамматикиял категориязул хIакъалъулъ бичIчIи лъугьинабизе; предметияб цIаралъ предложениялъулъ тIубалеб хъулухъ бихьизабизе. Хасал ва гIаммал предметиял цIаралги, лъабабго жинсалъе гIахьалал предметиял цIаралги, жал гIицIго гIемерлъул формаялда яги цолъул формаялда гурони хIалтIизаруларел предметиял цIаралги лъазаризе; мисалал рачине. Предметияб цIаралъул жинсги цолъул ва гIемерлъул формаги бихьизабизе. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | гIемерлъул форма. Жал кидаго гIемерлъул формаялда гурони хIалтIизаруларел предметиял цIарал. ГIицIго цолъул формаялда гурони хIалтIизаруларел предметиял цIарал. Предметияб цIаралъул гIемерлъул форма лъугьин. ГIемерлъул форма лъугьунаго, аслуялъулъ кколел хиса-басиял.<br>РагIабазул морфологияб разбор.<br>**К.Ц.** Жиндирго пикру загьир гьабулаго, далилалги рачун, жив битIарав вукIин бичIчIизаби. | | Суффиксазул кумекалдалъун цолъул формаялдаса гIемерлъул форма битIун лъугьинабизе. Цогидал рагIаби предметиял цIаралгун жинсгун формаялъулъ битIун рекъезаризе.<br>КъваригIичIеб такрарлъи биччачIого, жиндирго пикру мухIканго загьир гьабизе, каламалъулъ предметиял цIарал-синонимал хIалтIизаризе.<br>Предметияб цIаралъул морфологияб разбор гьабизе. |
| | Глагол | Каламалъул бутIа хIисабалда глагол. Глаголалъ предложениялъулъ тIубалеб синтаксисияб хъулухъ. Рухьарал ва тIадчIарал глаголал. Цо-цо глагол, лексикияб | **8+1** | Глаголалъул гIаммаб грамматикияб магIна, морфологиял гIаламатал ва синтаксисияб хъулухъ бихьизабизе.<br>Рухьарал ва тIадчIарал глаголазул хIакъалъулъ бичIчIи кьезе; магIнаялде |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | магIнаялде балагьун, бухьараблъунги тIадчIараблъунги букIине бегьи *(кваназе, сверизе).* Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал. Глаголияб цIар. Глаголалъул заманаби. Араб ва бачIунеб заманалъул гIадатал ва составиял глаголал, гьел лъугьин (лъай-хъвай гьаби) ва гьезул буголъиялъул, гьечIолъиялъул формаби. Гьанже ва гIахьалаб заманалъул глаголал, гьел лъугьин (лъай-хъвай гьаби) ва гьезул буголъиялъул, гьечIолъиялъул формаби.<br>**К.Ц.** Цо кинаб бугониги хIайваналъул, рухI-чIаголъиялъул сипат-сурат гьаби. Гьеб жанраялъул гIуцIи ва стилистикаялъул рахъалъ бугеб батIалъи.<br>**К.XI.** Контролияб | | балагьун, рухьарал ва тIадчIарал глаголал цоцаздаса ратIарахъизе.<br>Жинсиял ва жинсиял гурел глаголазулгун лъай-хъвай гьабизе.<br>Глаголияб цIаралъул хIакъалъулъ бичIчIи кьезе. Глаголалъул заманаби лъазаризе.<br>Жинсиял глаголал предметиял цIаралгун рекъезаризе.<br>МухIканго пикру загьир гьабизе, глаголал-синонимал ва глаголал-антонимал каламалъулъ хIалтIизаризе.<br>Гьанже заманалъул глаголазул гIицIго составиял, гIахьалаб заманалъул глаголазул гIицIго гIадатал формаби рукIунеллъи лъазе. Глаголалъул ункъабго заман ва гьезул гьечIолъиялъул формаби каламалъулъ битIун хIалтIизаризе.<br>Сипатияб текст гIуцIизе. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | диктант. | | |

**6 класс (68 сагІат, анкьида жаниб 2 сагІат)**

| № | Тема | Лъазабизе кколеб материал. Калам цебетІезаби ва контролиял хІалтІаби | СагІ-тазул къа-дар | Гьаризе кколел хІалтІабазул тайпабазул характеристика |
|---|---|---|---|---|
| I | МацІалъул хІакъалъулъ гІаммаб баян | Авар мацІ магІарулазул миллияб мацІ ва Дагъистан республикаялъул пачалихъияб мацІ. | 1 | Дагъистаналда авар мацІалъ ккураб бакІги, авар-гІанди-цІез миллатазда гьоркьоб авар мацІалъ тІубалеб хъулухъги, гьелъул мухІканлъиги, бечелъиги, берцинлъиги бихьизабизе. |
| II | Щуабилеб классалда малъараб материал такрар гьаби | Фонетика, орфоэпия, графика. РагІул фонетикияб разбор. Орфография. РагІулъ морфемаби. РагІул гІуцІиялъул разбор. РагІул морфемабазулъ рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиси. Каламалъул бутІаби. РагІул морфологияб разбор. | **7+1** | Текстал пасихІго цІализе. Текстал цІалун батІи-батІиял баянал лъазе; жинца гьабулеб хІалтІул тартиб чІезабизе, планалда рекъон хІалтІизе. Художествиял текстазулъ къваригІараб информация балагьизе. Жиндирго пикру загьир гьабизе ва гьеб хІужжабаздалъун къучІаб букІин |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | РагІабазул дандрай. ГІадатаб ва жубараб предложение. ГІадатаб ва жубараб предложениялъулъ лъалхъул ишараби. Предложениязул синтаксисияб разбор. Каламалъул нигІмат хІисабалда текст. Тексталъул тайпаби: хабарияб, сипатияб ва пикрияб. Тексталъул гІуцІи. Тексталъул план. Тексталда цІар лъей.<br>**К.Ц.** Каламалъул стилал. Официалиябгин ишалъулаб стил. Гьелъул мацІалъул хаслъаби.<br>**К.ХI.** Грамматикиял тІадкъаялгун контролияб диктант. | | бихьизабизе.<br>РагІабазул фонетикияб разбор гьабизе; гьаркьал ва хІарпал дандекквезе, рагІаби битІун абизе.<br>Морфемаби ратІарахъизе; рагІулъ хисараб ва хисичІеб аслу бихьизабизе; рагІабазул морфемияб разбор гьабизе. РагІул морфемабазулъ рагьарал ва рагьукъал гьаркьал битІун хъвазе. Лъазарурал каламалъул бутІабазул тІубараб гуреб ва тІубараб морфологияб разбор гьабизе; рагІаби каламалъул бутІабазде рикьизе; предметияб цІаралъул, пприлагательноялъул ва глаголазул ахирал битІун хъвазе. РагІабазул дандрай рагІудаса батІа гьабизе; рагІабазул дандраязулъ аслияб рагІиги ва цогиялда бараб рагІиги |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | бихьизабизе; рагӀабазул дандраязулъ ругел рагӀабазда гьоркьоб грамматикияб ва магӀнаялъулаб бухьен чӀезабизе; предложениялъулъ рагӀабазул дандраял рихьизаризе; предложениялъул тайпаби ратӀа гьаризе; предложениязул ахиралда битӀун лъалхъул ишараби лъезе; художествиял текстазулъ батӀи-батӀиял тайпаялъул предложениял ратизе; жубараб предложениялъулъ грамматикияб аслуялъул къадар чӀезабизе; журарал предложениязул схемаби гӀуцӀизе; журарал ва гӀадатал предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе. Текст щиб жо кколебали |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | лъазе; тексталъул гIаламатал рихьизаризе; текстал хабариял, сипатиял ва пикриял рукIунеллъи лъазе; тексталъулъ предложениял цоцада рухьинариялъул алатал рихьизаризе; тексталъул тема чIезабизе, аслияб пикру загьир гьабизе; тексталда цIар лъезе; цо кинаб бугониги ракIалда чIараб лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ гьитIинаб текст гIуцIизе. Каламалъул стилал, гьезда гьоркьоб бугеб батIалъи, гьел хIалтIизаризе бегьулел гIурхъаби (рахъал) лъазе; каламалъул официалиябгин ишалъулаб стилалъул хаслъиги гьеб стилалъулъ хIалтIизарулел рагIабиги лъазаризе; |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | каламалъул официалиябгин ишалъулаб стилалъул документал хIисабалда гIарза ва баяналъулаб кагъат хъвазе. |
| III | Лексика. Каламалъул культура. | Лексикаялъул хIакъалъулъ 5 абилеб классалда малъараб материал такрар гьаби (МацIалъул хIакъалъулъ бугеб бутIа хIисабалда лексика. РагIул лексикияб ва грамматикияб магIна. Цо магIнаялъул ва гIемер магIнаялъул рагIаби. РагIул битIараб ва хъвалсараб магIна. Омонимал. Синонимал. Антонимал). НекIогоялдаса (кьучIдасанго) авар мацIалъулъ хIалтIизарулел рагIаби. БатIиял мацIаздаса росарал рагIаби. Киназго хIалтIизарулел рагIаби. Диалектиял (бакIалъул) ва | **4+1** | Авар мацIалъул лексикияб бечелъи бичIчIизе; рахьдал мацIалдаса чIухIизе; калам камил гьабизе жигар бахъизе. Текст жинцаго гIуцIизе. Жиндиего къимат кьезе бажаризе. Текстазулъа теоретикиял баянал гъорлъ ругеб тIалъулареб информация босизе; рекIел хIал, рекIел кутакаб асар, пикраби загьир гьариялъе рагIул бугеб кIвар бичIчIизе; лексикиял словараздаса пайда босизе. Текст гIуцIиялъул нормабиги цIунун (текст букIуна дурусаб, тартиб цIунараб, бутIабазул |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | пишачилъиялъул рагІаби. ЦІиял ва басралъарал рагІаби. **К.Ц.** Хабаралъул, гьелъул гІуцІиялъул ва стилалъул хаслъабазул хІакъалъулъ бичІчІи. Жиндир хІакъалъулъ яги сюжетияб сураталдасан хабар бицин. | | цоцада бухьен бугеб, темаялда дандеккараб), кІалзул ва хъвавул формаялда эркенго, битІун жиндирго пикраби загьир гьаризе. МацІалъулъ рагІуца тІубалеб хъулухъ, рагІул гІуцІи, рагІул лексикияб магІна, цо магІнаялъул ва гІемер магІнаялъул рагІаби, рагІабазул битІараб ва хъвалсараб магІна, омонимал, антонимал, синонимал, рагІабазул магІна баян гьабулеб словарь, лексикологиялъ лъазабулеб предмет лъазе. Аслиял лексикиял бичІчІиял лъазе; батІи-батІиял къагІидабаздалъун рагІабазул лексикияб магІна баян гьабизе; тексталъулъ хъвалсараб магІнаялъул рагІаби ратизе; гІемер магІнаялъул рагІаби омонимаздаса |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | ратIарахъизе; рихьизарурал рагIабазе синонимал ва антонимал тIасарищизе; тексталъулъ кьучI гьечIеб рагIабазул такрарлъи нахъе рехизе. Авар мацIалда жанир гIицIго жиндие хасал цIиял рагIаби раккиналъеги батIиял мацIалдаса рагIаби рачIиналъеги гIилла лъазе; авар мацIалъулъ батIиял мацIалдаса рачIарал рагIабазул бугеб кIваралъул бицине лъазе; тексталъулъ батIияб мацIалдаса росарал рагIаби ратизе; рагIи батIияб мацIалдаса босараб букIин лъазе словаралдаса пайда босизе; кинаб мацIалдаса рагIи бачIун бугебали чIезабизе. Тексталъулъ киназго хIалтIизарулел ва киназго |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | хIалтIизаруларел рагIаби ратизе. Инсанасул гIумруялъулъ диалектиял рагIабаз тIубалеб хъулухъ лъазе; художествиял асаразулъ диалектиял ва пишачилъиялъул рагIаби хIалтIизариялъул мурад бихьизабизе; тексталъулъ киназго хIалтIизарулел рагIабилъун сверарал диалектиял рагIаби ратизе. «Неологизмаби» ва «Архаизмаби» абурал бичIчIиял лъазе. МацIалда жанир неологизмаби кин раккулел ва рагIаби кин басралъулел ругелали лъазе; цо чIванкъотIараб заманалъ раккарал неологизмаби киназго хIалтIизарулел рагIабилъун лъугьунеллъи бичIчIизе; рихьизарурал |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | рагIабазулъ киназго хIалтIизарулел рагIабилъун лъугьарал неологизмаби ратизе. Художествиял асаразулъ басралъарал рагIаби сундуе хIалтIизарулел ругелали лъазе; тексталъулъ ва словаразулъ басралъарал рагIаби ратизе; историзмабаздаги архаизмабаздаги гьоркьоб бугеб батIалъи бихьизабизе. Хабаралъул, гьелъул гIуцIиялъул ва стилалъул хаслъабазул хIакъалъулъ бичIчIи лъугьине. Жиндир хIакъалъулъ яги сюжетияб сураталдасан хабар гIуцIизе. |
| IV | Фразеология. Каламалъул культура. | ГIелмияб бутIа хIисабалда фразеология. РагIабазул эркенаб цолъи ва фразеологиял сверелал. Фразеологиял | 3+1 | Авар мацIалъул лексикияб бечелъи бичIчIизе; рахьдал мацIалдаса чIухIизе; авар миллаталъул хIакъикъияб ва рухIияб |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | сверелазул аслиял гІаламатал. Лексикаялъул ва фразеологиялъул хІакъалъулъ малъараб материал такрар гьаби. **К.Ц.** Къокъго бицараб хабар (текст). **К.ХI.** Грамматикиял тІадкъаялгун контролияб диктант. | | культура фразеологиялъулъ бихьизабулеблъи бичІчІизе; калам камил гьабизе жигар бахъизе. «Фразеологияб сверел» абураб бичІчІи, фразеологиял сверелазул лексикияб магІна ва грамматикияб гІуцІи, рагІабазул магІна гьабулеб словаралъулъ фразеологиял сверелал рихьизарулел къагІидаби лъазе. Авар мацІалъул фразеологиял словаразул хІакъалъулъги художествиял асразулъ фразеологиял сверелал хІалтІизариялъул хаслъабазул хІакъалъулъги лъазе. Фразеологиял сверелал цогидал рагІабазул цолъабаздаса ратІарахъизе. Каламалъулъ фразеологиял сверелал | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | хIалтIизаризе. Фразеологиял сверелазул синтаксисияб хъулухъ бихьизабизе. Тексталъулъ фразеологиял сверелал ратизе, рихьизарурал рагIабазул цолъаби фразеологиял сверелаздалъун хисизе. Тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе, тексталда цIар лъезе. Тексталда жаниса аслияб тIасабищизе ва гьеб тIаса бищараб материал рекъезабун сокIкIине (хъван). |
| V | РагIи лъугьин. Орфография. Каламалъул культура | 5 абилеб классалда малъараб материал такрар гьаби (морфемика, морфема, кьибил цоял рагIаби, рагIул аслу ва ахир; кьибил, суффикс ва рагIулъ гьез тIубалеб хъулухъ). Авар мацIалъулъ цIиял рагIаби лъугьунел | **6+2** | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | къагIидаби: а) суффиксазул кумекалдалъун цIиял рагIаби лъугьин; б) морфологиябгин синтаксисияб къагIидаялъ цIиял рагIаби лъугьин: субстантивация (цо каламалъул бутIа цогиялде сверун, цIияб рагIи лъугьин), метатония (рагIулъ ударение хисиялдалъун, цIияб рагIи лъугьин), дезаффиксация (рагIул суффикс яги суффиксгун рагIи нахъе рехун, цIияб рагIи лъугьин), кIиго рагIи жубан. Журарал рагIабазул битIунхъвай. Журарал къокъ гьарурал рагIаби. РагIи лъугьиналъул хIакъалъулъ цебеккун малъараб материал такрар гьаби. РагIул гIуцIиялъул (морфемияб) ва рагIи | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | лъугьиналъул разбор. **К.Ц.** Жаниб гІумру гьабулеб минаялъул сипат-сурат гьаби. Гьеб тексталъул гІуцІи, мацІалъул хаслъаби. Художествияб литератураялъул асаралда тІасан тІасабищул изложение. **К.ХI.** Грамматикияб тІадкъаялгун контролияб диктант. | | |
| | | | | |

## Лъаялъул рахъалъ щибаб классалъул цІалдохъабазда церечІарал аслиял тІалабал

### 5 класс лъугІулел лъималаз лъаялъул рахъалъ гьал хадусел хІасилал кьола.

**Напсиял хІасилал:**

- цІияб материал лъазабизе гъира ккезаби;
- жив магІарул миллаталъул чи вукІин бичІчІи, магІарулазул этникиял группабазул (ай магІарул халкъалда, миллаталда, къавмалда ва инсанияб культураялда хурхинарурал этникиял группабазул) хІакъалъулъ бичІчІи щвей; миллияб бечелъи, миллиял гІадатал ва маданият лъай;
- цо кинаб бугониги предметалъул анализ гьабиялъулги, предметал дандекквеялъулги, гьел цоцаздаса ратІарахъиялъулги бажари лъугьин;
- цІех-рех гьабулеб предметалдехун нахъгІунтІиялъулаб интерес бижизаби;

- жинцагоги коллективалда цадахъги батIи-батIиял хIалтIаби гьаризе гъира ккезаби;

- жиндирго ищалъул, хIалтIул, гIамалалъул анализ гьабиялъулги жиндирго хIалтIуда тIад хъаравуллъи гьабиялъулги бажари лъугьин;

- классалда цадахъ жинца гьабулеб хIалтIул анализ гьабиялъулги гьеб хIалтIи гIуцIиялъулги бажари лъугьин.

**Метапредметиял хIасилал:**

*Хурхен гьабизе ругьун гьариялъе тIоритIулел хIалтIаби (коммуникативные УУД):*

-цоцазухъ гIенеккизе ва цоцаз бицараб рагIи рагIизе; коммуникативиял шартIазда ва цере лъурал масъалабазда рекъон жидерго пикраби тIубанго ва мухIканго загьир гьаризе;

- суалазул кумекалдалъун къваригIарал баянал ралагьизе;

- жиндирго рекIел асар, пикраби, къасдал каламалдалъун загьир гьариялъе гIоло дандекколел мацIалъул алатаздаса (ресаздаса) пайда босизе;

- рахьдал мацIалъул грамматикиял ва синтаксисиял нормабазда рекъон монологияб ва диалогияб калам хIалтIизабизе;

- хIалтIул низам чIезабизе, цогидазда цадахъ хIалтIизе;

- предметазул сипат-сурат гьабизеги гьезие баян кьезеги бугеб бажари лъугьинабизе;

- классалда хIалтIизе бугеб бажари лъугьинаабизе;

- цо кинаб бугониги асаралъул хIасил цебечIезабизе ва гьеб кIалзул ва хъвавул формаялда бицине;

- тIадкъаял тIуразарулаго, гьалмагъасда цадахъ хIалтIизе бажаризе: хIалтIаби гьариялъул ирга чIезабизе ва цIунизе, гъалатIазул хIакъалъулъ гьалмагъасда бицине, цогидазулгун данд бан гьоркьоб лъураб цIалул суал тIубазабиялъулъ гIахьаллъизе;

- живго жиндаго чIун ва цогидазда цадахъ батIи-батIиял тIадкъаял тIуралаго, цогидал цIалдохъабазда цадахъ хIалтIизе бугеб бажари лъугьинабизе;

- мугIалимасда ва кьерилазда цадахъ хIалтIи гIуцIиялъул бажари лъугьинабизе;

- гIахьаллъи гьабулел чагIаз тIубазе кколеб хъулухъ, гьез цебе лъураб мурад ва цоцазе кумек гьабиялъул къагIидаби чIезаризе; хIасил кьолеб хIукму цадахъго гьабиялъе гIоло цоцазухъе лъай кьезе бугеб бажари лъугьинабизе;

- жиндирго хьвада-чIвадиялъе нухмалъи гьабизе (жинца гьабулеб хIалтIул хал гьаби, гьелъие къимат кьей, жив битIараб вукIиналда ракI чIезаби);

*Гьабулеб цIали низамалда ккезабизе ругьун гьариялъе тIоритIулел хIалтIаби (регулятивные УУД):*

- цебе лъураб мурад цогидазул кумек гьечIого бичIчIизе ва цебечIезабизе; къваригIараб баян батизе ва батIа гьабизе;

- батIи-батIиял баянал ралагьиялъул методаздаса пайда босизе;

- цIалдохъан хIисабалда жиндехун бугеб тIалаблъи цIикIкIинабизе;

- жиндирго цIалулъ аслияв жив вукIин ва цIалулъ киналго квалквалал къезаризе жиндир къуват гIолеблъи бичIчIизе;

- дандеясул хьвада-чIвадиялъе нухмалъи гьабизе (дандеясул хIалтIул хал гьаби, гьелъие къимат кьей, жив битIараб вукIиналда гьесул ракI чIезаби);

- цогидал лъималазда цадахъ цIалулъ ккарал захIмалъаби къезарулел нухал ралагьизе.

*БатIи-батIиял тIадкъаял тIуразаризе ругьун гьариялъе тIоритIулел хIалтIаби (познавательные УУД):*

- РагIул гIуцIиялъул, текстальул, текстальул гIуцIиялъул, каламалъул бутIабазул, рагIабазул дандраязул, предложениязул, предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членазул, тайпа цоял членалгун, хитIабгун, гьоркьор ккарал рагIабигун предложениязул, жубараб предложениялъул гIуцIиялъул ва гь.ц. цIех-рех гьабулаго тIалъарал мацIалъул бичIчIиял, хиса-басиял, бухьенал ва гьоркьорлъаби баян гьари.

**Предметиял хIасилал:**

*ЦӀалдохъабазда лъазе ккола:*

- 5 абилеб классалда лъазарурал мацӀалъул хӀакъалъулъ аслиял баянал;
- авар халкъалъул миллияб мацӀ хӀисабалдаги, Дагъистаналъул пачалихъияб мацӀ хӀисабалдаги, авар, цез, гӀанди миллатазе гӀахьалаб мацӀ хӀисабалдаги авар мацӀалъул бугеб кӀвар;
- калам, каламалъул тайпаби, калам гьаби, кӀалзул ва хъвавул калам, монолог, диалог абурал бичӀчӀиязул магӀна;
- бицунеб каламалъул, гӀелмиял, публицистиял, официалиялгин ишалъулал стилазул, художествияб литератураялъул мацӀалъул аслиял гӀаламатал;
- гӀелмияб, публицистияб, официалиябгин ишалъулаб стилазул ва бицунеб каламалъул жанразул хаслъаби;
- тексталъул гӀаламатал ва гьелъул тайпаби (хабарияб, сипатияб ва пикрияб);
- мацӀалъул аслиял бутӀаби, гьезул гӀаламатал;
- авар литературияб мацӀалъул аслиял нормаби (орфоэпиял, лексикиял, грамматикиял, орфографиял, пунктуациялъулал); каламалъул этикаялъул нормаби.

***ЦӀалдохъабазухъа бажаризе ккола:***

*гӀенеккун рагӀараб жо цӀи гьабун бицин (аудирование):*

- гӀенеккун бичӀчӀараб кӀудияб гьечӀеб гӀелмиябгин цӀалул ва художествияб тексталъул хӀасил бицине;
- текст бутӀабазде биххизе ва гьелъул аслияб пикру загьир гьабизе;

*цӀали:*

- текст цӀалиялъул къагӀидаби лъазе; тексталъулъ аслияб ва аслияб гуреб информация бихьизабизе;
- магӀна бугел бутӀабазде текст биххизе ва гӀадатаб план гӀуцӀизе;
- цӀалараб тексталъул хӀасилалда тӀаса лъурал суалазе жавабал кьезе; цӀалиялъул аслиял къагӀидаби (лъазабиялъул, лъай-хъвай гьабиялъул ва тӀаса бищиялъул) лъазе;
- батӀи-батӀиял тайпаялъул лингвистиял словараздаса баянал росизе;
- текст цӀалулаго битӀун логикияб ударение лъезе ва лъалхъи гьабизе;

- дандекколеб гьаркьидалъун рагІизабун текст цІализе;

*гаргади:*

- мугІалимас лъурал суалазе жавабал кьезе; цІалараб текст мухІканго ва къокъго бицине;
- темаги рагьун, аслияб пикруги гІатІид гьабун, жиндирго пикру бицине;
- мацІалъул батІи-батІиял ресаздалъун ва интонациялдалъун каламалъул предметалдехун жиндирго бербалагьи загьир гьабизе;

*хъвадари:*

- батІи-батІияб тайпаялъул текстал мухІканго ва къокъго цІидасан хъвазе;
- каламалъул батІи-батІиял тайпабаздалъун загьир гьарурал жиндирго пикраби хъвазе;
- сочинениялъул план гІуцІизе ва хъвазе;
- текст абзацазде бикьизе;
- кІудиял гьечІел текстал хъвазе (батІи-батІиял стилазул миниатуриял сочинениял);
- текст хъвалаго батІи-батІиял тайпабазул словараздаса пайда босизе;
- тексталъул тема чІезабизе, гьелъул аслияб пикру загьир гьабизе;
- тексталъул аслияб пикруялде ва темаялде мугъги чІван, гьелда цІар лъезе;
- информацияб тайпаялъул кагъат хъвазе;
- жиндирго пикру баянго, дурусго бицине, берцинго хъвазе, хІажат гьечІеб такрарлъи биччангутІизе, жиндирго каламалъулъ лексикиял синонимал хІалтІизаризе;

*фонетика ва графика:*

- рагІулъ каламалъул гьаркьал рихьизаризе, гьезие фонетикияб характеристика кьезе;
- ударение бугелги ударение гьечІелги слогал ратІарахъизе;
- гьаркьидаса хІарп батІа гьабизе;
- авар алфавиталъул хІарпазул цІарал битІун абизе;
- алфавиталдаса эркенго пайда босизе (словаралгун хІалтІулаго);
- рагІул фонетикияб разбор гьабизе;

*орфоэпия:*

- рагьарал ва рагъукъал гьаркьал битIун абизе;
- геминатал ва лабиалиял гьаркьал битIун абизе;
- калам пасихI гьабизе, логикияб ударениялдаса пайда босизе;
- орфоэпияб словарьгун хIалтIизе;

*лексика:*

- магIнаялъул рахъалъ дандекколеб куцалъ рагIаби хIалтIизаризе;
- батIи-батIиял къагIидабаздалъун рагIабазул лексикияб магIна баян гьабизе;
- тематикиял группабазде рагIаби рикьизе;
- рагIабазул битIараб ва хъвалсараб магIна батIабахъизе;
- рагIабазул гIемер магIна омонимабаздаса батIа гьабизе;
- синонимал, антонимал тIасарищизе;
- синонимияб кьералдаса бищунго мухIканаб ва къваригIараб рагIи тIасабищизе;
- калам мухIкан гьабиялъул ресал (алатал) хIисабалда эпитетал, метафорал, олицетворениял лъазе;
- магIна баян гьабулел словараздаса пайда босизе;

*морфемика:*

- рагIул магIнаялъулаб анализалъул кьучIалда морфемаби рихьизаризе;
- кьибил цоял рагIаби тIасарищизе;
- суффиксазухъ ва ахиразухъ балагьун, каламалъул бутIаби ва гьезул формаби чIезаризе;
- рагIул гIуцIиялъул разбор гьабизе;
- рагIул морфемияб гIуцIиялъул словараздаса пайда босизе;

*морфология:*

- гIаммаб магIнаялъухъ ва суалазухъ балагьун, каламалъул бутIаби цоцаздаса ратIарахъизе;
- лъазарурал каламалъул бутIабазул грамматикиял гIаламатал битIун рихьизаризе;

- литературияб мацIалъул нормабазда рекъон лъазарурал каламалъул бутIабазул формаби лъугьинаризе;

- рагIул морфологияб разбор гьабизе;

*синтаксис:*

- предложениялъулъ рагIабазул дандраял рихьизаризе;

- рагIабазул дандраязулъ аслиябги нахъбилълъарабги рагIи бихьизабизе;

- рагIабазул дандраязул схемаби рахъизе ва кьурал схемабазда рекъон рагIабазул дандраял гIуцIизе;

- кIиго яги лъабго бетIераб членгун предложениязул аслу бихьизабизе;

- кьурал грамматикиял аслуязул тайпабазда рекъон предложениял гIуцIизе;

- жидеца бицунеб жоялъул мурадалде, интонациялде, жиделъ бетIерал гурел членал рукIиналде ва рукIунгутIиялде, гьединго грамматикияб аслуялъул къадаралде балагьун, предложениялъул тайпаби рихьизаризе;

- лъазарурал тайпабазул гIадатал ва журарал предложениял гIуцIизе;

- гIадатаб предложениялъул синтаксисияб разбор гьабизе;

*орфография:*

- рагIабазулъ лъазарурал орфограммаби ратизе, жинца тIасабищараб орфограмма хIужжабаздалъун кьучIаб букIин бихьизабизе ва лъазарурал орфограммаби гъорлъ ругел рагIаби битIун хъвазе;

- рагIи лъугьунаго яги рагIул форма хисулаго, рагIулъ хисарал рагьарал ва рагьукъал гьаркьал битIун хъвазе;

- орфографияб словаралдаса пайда босизе;

*пунктуация:*

- цо кинаб бугониги бакIалда лъезе жинца тIасабищараб лъалхъул ишара хIужжабаздалъун кьучIаб букIин бихьизабизе;

- лъазарурал правилазда рекъон предложениязулъ лъалхъул ишараби лъезе.

**6 класс лъугӀулел лъималаз лъаялъул рахъалъ гьал хадусел хӀасилал кьола.**

**Напсиял хӀасилал:**

-цӀалиялъул бугеб кӀвар бичӀчӀизе, цӀализе гъира букӀине;
- кинабго жоялда нахъгӀунтӀизе, гьеб бичӀчӀизе;
- рахьдал мацӀалъул ва гьелда тӀад хӀалтӀарал гӀалимзабазул хӀурмат гьабизе;
- батӀи-батӀиял пикраби загьир гьариялъе авар мацӀалъул бугеб кӀварги ва гьелъул гӀуцӀиялъул бечелъиги бичӀчӀизе;
- авар мацӀалдехун бугеб рокьи ва интерес цебетӀезабизе;
- калам цебетӀезабизе жигар бахъизе;
- мацӀалъул бичӀчӀиязда хадуб халкколеб заманалъ жиндирго калам камил гьабизе;
- жиндирго пикру ккун чӀезе;
- авар мацӀ миллиябгин культурияб бечелъи букӀин бичӀчӀизе;
- жинца загьир гьабураб пикруялъулъ гӀунгутӀаби ратизе;
- авар каламалъул мухӀканлъи ва берцинлъи бичӀчӀизе;
- художествиял текстал цӀалулаго, эстетикияб рокьи цебетӀезабизе жигар бахъизе;

**Метапредметиял хӀасилал:**

*Хурхен гьабизе ругьун гьариялъе тӀоритӀулел хӀалтӀаби (коммуникативные УУД):*

- диалогалъулъ гӀахьаллъизе, цо кинаб бугониги ишалъе цогидазда цадахъ къимат кьезе;
- лъиданиги цадахъ хӀалтӀизе;
- сундулниги чӀванкъотӀараб магӀна, хӀасил бицине;
- хӀалтӀулел къагӀидабазул план гьабизе;
- цогидазухъ гӀенеккизе ва гьез бицараб жо рагӀизе, жинца загьир гьабураб пикруялъул корректура гьабизе;

- цогидавгун хIалтIизе, гьесулгун къотIи гьабизе ва гIаммаб пикруялде рачIине;
- батIи-батIияв чияс загьир гьарурал пикрабазе жиндирго къимат кьезе;
- жинца загьир гьабураб пикруялъулъ гIунгутIаби ратизе;
- дарсида диалогалъулъ гIахьаллъизе;
- жиндирго пикру загьир гьабизе ва гьелъие хIужжаби рачине;
- калам гьабулаго, жакъасеб литературияб мацIалъул лексикиял нормаби цIунизе;
- цадахъаб хIалтIулъ гIаммаб пикруялде рачIине ругьунлъизе;
- жидерго пикраби кIалзул формаялда загьир гьаризе;
- рекIел асар ва пикру загьир гьабиялъе гIоло мацIалъул ресаздаса (алатаздаса) пайда босизе;
- кIалъалеб заманалъ жиндир каламалда хадуб халкквезе;
- цоцазе кумек гьабизе, цоцазда хадуб халкквезе;
- жиндие щвараб лъаялъе къимат кьезе;
- гьоркьоса къотIичIого киса-кибго каламалда хадуб халкквезе;

*Гьабулеб цIали низамалда ккезабизе ругьун гьариялъе тIоритIулел хIалтIаби (регулятивные УУД):*

- цIалул масъала цебе лъезе;
- лъазабурабги лъазабизе кколебги материал бичIчIизе ва батIа гьабизе;
- живго жиндаго чIун нахъгIунтIиялъула мурад баян гьабизе ва тIоритIизе кколел хIалтIаби гьеб мурадалда рекъон гIуцIизе;
- цIех-рехалъул хIасилазда тIасан жиндирго пикру загьир гьабизе;
- дарсил мурад ва дарсида рагьизе кколел теориялъулал ва практикиял суалал баян гьаризе;
- лъазабураб материалалъул даража ва качество бичIчIизе, гьабулеб хIалтIи дурус гьабизе;
- гьабулеб хIалтIи тартибалде ккезабизе ва гьелъул план гIуцIизе;
- щвараб лъаялъе къимат кьезе;

- жинца тIуралел хIалтIаби дурус гьаризе, щвараб лъаялъул даража ва качество бичIчIизе;

- жинца гьарулел хIалтIабазул хIасилал цере лъурал мурадазда рухьине;

- лъикIал хIасилал рихьизариялъул даража чIезабизе ва къимат кьеялъул роцен чIезабизе ругьунлъизе;

- дарсил тема баян гьабизе;

-сунданиги тIасан жинца загьир гьабураб пикруялъул живго жиндаго чIун план гIуцIизе;

- дарсида рагьизе кколел теориялъулал ва практикиял суалал тIуразариялъе гIоло нухал ралагьизе;

- хIалтIул материалал ва гIуцIарал планал хисизарун дандеккезаризе (ай дурус гьаризе);

- живго жиндаго чIун нахъгIунтIиялъулаб мурад баян гьабизе ва гьелда рекъон хIалтIи гIуцIизе;

- жиндирго хIалтIи дурус гьабулаго, щвараб лъаялъул даража ва качество бичIчIизе;

- монологияб калам гьабизе лъазе; коммуникативиял масъалаби тIуразариялъе гIоло каламалъул алатаздаса данд рекъон кколеб куцалъ пайда босизе;

- щвараб лъаялда тIад хъаравуллъи гьабизе;

*БатIи-батIиял тIадкъаял тIуразаризе ругьун гьариялъе тIоритIулел хIалтIаби (познавательные УУД):*

- нахъгIунтIиялъулаб мурад баян гьабизе;

- цIалул масъала тIубазабиялъе гIоло жеги цIикIкIун хIасил кьолел къагIидаби тIасарищизе;

- цо-цо хIалтIи ишарабаздалъун ва символаздалъун тIубазе;

- информация дандекквезе ва цIидасан къачIазе, гьелъул анализ гьабизе;

- цо чIараб пикру загьир гьабизе;

- цо сундулниги анализ, синтез, хIасил гьабизе;

- цо сундулниги хIакъалъулъ къваригIараб баян тIасабищизе;

- щвараб лъаялда хадуб халкквезе;

- цIалиялъул батIи-батIиял къагIидабаздаса пайда босизе, аслияб баян тIаде жубараб баяналдаса батIа гьабизе;

- гIемерал баяназулъ аслияб бихьизабизе;

- батIи-батIиял формабаздалъун кьурал баян данд рекъон кколеб куцалъ бичIчIизе;

- материал тартибалде ккезабиялъул къагIидаби лъазе, жубараб план гIуцIизе;